

E-sigarèt




Bilten Sante

Ale sou sitwèb nyc.gov/health pou wè tout Bilten Sante yo.
Rele **311** pou mande kopi gratis.

NYC[™]
Health

E-sigarèt

- E-sigarèt (sigarèt elektwonik) yo se aparèy ki chofe yon likid pou vin fè l tounen ayewosòl (vapè likid). Lè moun itilize e-sigarèt (ke yo rele vaping tou), yo respire ayewosòl la.



Tout e-sigarèt pa sanble menm jan

- Likid E-sigarèt (e-likid) yo pa gen tabak, men yo prèske toujou gen gou ak nikotin, ki kreye adiksyon.
- Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman (U.S. Food and Drug Administration, FDA) pa kontwole ni tèste engredyan e-sigarèt yo deprè, kidonk pwodwi chimik ki nan e-likid yo ka diferan anpil.
- Nan New York, li ilegal pou itilize e-sigarèt yo tout kote yo entèdi moun fimen, ansanm ak nan pak ak plaj Vil la.

E-sigarèt ak Jèn yo

- Li efreyan pou wè fason e-sigarèt yo popilè nan mitan jenn yo. Souvan, konpayi E-sigarèt yo sèvi avèk gou sirèt ak fwi pou fè pwomosyon kay jèn yo ak pou atire yo.
- Jèn moun ki itilize e-sigarèt gen plis chans pou eseye sigarèt pi devan.
- E-sigarèt yo gen nikotin prèske toutan, sa ki ka afekte memwa ak konsantrasyon yon adolesan nan fason negatif, epi ka diminye kapasite pou li aprann.
- Si ou se yon paran, pale ak timoun ou yo sou risk ki gen nan itilizasyon e-sigarèt. Ankouraje yon konvèsasyon ouvè, toutan.



=



Yon ti bidon (oswa rechaj) e-likid ka gen ladan menm lavalè nikotin ak yon pòch sigarèt antye. Yo kapab itilize E-sigarèt yo tou avèk bòz (cannabis).

Risk pou Sante



- Nou pa konnen efè itilizasyon e-sigarèt pou anpil tan, men ayewosòl ki soti nan e-likid ki chofo yo ka gen ladann pwodwi chimik ki danjere, tankou:
 - Fòmaldèyid ak bennzèn, ki kapab lakòz kansè
 - Diasetil ki soti nan gou a, ki asosye ak maladi poumon
 - Metal lou, tankou nikèl, eten ak plon
- Lòt moun ki toupre ka respire pwodwi chimik sa yo nan lè a.
- Batri e-sigarèt ki gen defo yo ka lakòz dife ak eksplozyon, ki te abouti nan blesi grav ak menm lanmò.

Sispann Fimen



FDA pa apwouve E-sigarèt yo pou ede moun kite fimen.



Si ou fimen sigarèt epi ou vle sisapnn fimen, Depatman Sante a rekòmande pou ou itilize medikaman (FDA) apwouve yo, epi sa ka double chans ou pou reyisi.



Pifò plan asirans sante, ankontan Medicaid, garanti tretman pou ede ou kite fimen.



Pou jwenn medikaman, konsèy ak resous, ale nan **[nyc.gov/nycquits](https://www.nyc.gov/nycquits)**. Ou kapab jwenn resous tou pou ede w fè fas ak sevraj nikotin.

Resous

Konekte



@nychealthy



nychealth



@nychealthy



nychealth



nyc health

Jwenn Plis Enfòmasyon

Ale nan nyc.gov/health epi chèche
"e-cigarettes" (sigarèt elektwonik)

Resewwa Dènye Bilten Sante

Voye yon imèl bay
healthbulletins@health.nyc.gov



Ale sou sitwèb nyc.gov/health/pubs pou jwenn Bilten Sante sa a nan lòt lang ak lòt materyèl sante ki tradwi. Ou gen dwa pou resevwa sèvis yo nan lang ou. Sèvis sa yo gratis nan tout biwo ak klinik Depatman Sante Vil New York.